Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2016 соналъул
10 июнь
РУЗМАН

№ 24
(7407)

Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда

Багьа 4 гъур.

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Республикаялъул вакилзаби районалде щвана




Араб анкьалъ районалъул администрациялъул дандельабазул залалда тIобитIана «БакIалъулаб самоуправлениялъул, жамгIияталъул ва диниял церехъабазул гIолилазе патриотикиябгун рухIияб тарбия кьеялъулъ ва терроризмалдегун экстремизмалде дандечIеялъулъ церечIарал масъалаби» абураб суалгун районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовасул нухмалъиялда гьоркь семинар-совещание.

Данделъиялда гIахьаллъана Дагъистан Республикаялъул миллияб политикаялъул министр Татьяна Гамалей, Рамазан ГIабдулатIиповасул гIакълучи Камил Ланда, Дагъистаналъул терроралде дандечIараб комиссиялъул аппараталъул вакил Сайпудин Сайпов, гьединго росабазул администрациязул бутIрул, мажгитазул имамзаби, жамгIиял гIуцIалабазул нухмалъулел ва районалъул Собраниялъул депутатал.

Данделъи рагьулаго, АнвархIажи Вечедовас жиндирго кIалъаялъулъ аслияб кIвар буссинабуна районалда бугеб ахIвал-хIалалде, экстремизмалъулгун терроризмалъул идеологиялде, гьеб кьолболъанго тIагIинабизе жамгIияталъ хIаракат бахъизе ккеялде.

«Нилъ, чIахIияб гIелалда, бицун гуреб, бихьун лъала экстремизмалъулгун терроризмалъул кьогIлъи, амма гIун бачIунеб гIисинаб гIелалъул гьечIо гьелде дандечIезе хIалкIолъи (иммунитет). Гьури пураб рахъалдехун рахъун инеги хIадурал руго цо-цоял. Гьезда бичIчIизабизе ккола ислам ракълилаб дин букIин ва терроризмалъе гьениб гьоркьоб бакI гьечIеблъи. Экстремизмалъегун терроризмалъе нилъер жаваблъун букIине ккела гIун бачIунеб гIелалъе ва гIолилазе щвалде щвараб лъай, патриотикиябгун рухIияб ва маданияб тарбия кьей,-ян тIад жубана районалъул бетIерас.

Семинаралде ахIаралъухъ баркалаги загьир гьабулаго, Татьяна Гамалейица абуна республикаялъул тIалъиялъул приоритетниял масъалабазул аслиязул цояблъун кколин миллияб политика.

«Нилъ ккола Россиялъул гражданал, амма щивас цIунизе ккола жиндирго мацIгун миллат, миллияб хасльи, маданият ва адабият. Террористаз нилъеда гьоркьоб бижизабулеб буго рикьиги, квешлъиги тушманлъиги. Нилъер лъимал нилъеца нилъерго тушбабилъун рахьине риччазе бегьуларо. Гьеб буго нилъер тушбабазул аслияб мурадги. Гьедин ккечIого букIиналъе хIажалъула гIолилазда гьоркьо гьабулеб кьойилаб хIалтIи - тарбия ва лъай кьей»,-ян абуна министралъ.

«Нилъеца аслияб кIвар буссинабизе ккола лъималазде, цIалдохъабазде, студентазде, гьезул цIалуде ва гIадлу-низамалде. Жакъасев студент метер террористлъун вахъиндал, кьола нилъеца нилъеего «гIинкъаб» суал: «Кирха нилъ рукIарал, кире балагьун рукIарал эбел-эмен ва мугIалимзаби?!»-ян. Гьедин ккечIого букIине ккани, хIажалъула нилъерго тарих лъай, гIелму тIалаб гьаби ва, аслияб жо, рокьобги къватIибги букIине кколеб хьвада-чIвади малъун, лъималазе тарбия кьей. Лъайкьеялде буссинабизе ккола кидаго кIвар. Гьеб гьечIолъиялъ буго нилъер лъималазда информациялъулаб бетIерсверизабиялде данде чIезе кIоларого,-ян абуна Камил Ландаца.

Гьединго гьес бихьизабуна хъизаналда жаниб лъималазе тарбия кьеялъулъ цIикIкIарасеб кIвар букIин эбелалъул ва гьей йикIине ккей гIакьилай.

Сайпудин Сайповас жиндирго кIалъаялда бицана такъсирияб нухдасан гIолилал инчIого рукIиналъе бакIалъулаб самоуправлениялъ ва жамгIияталъгун диниял церехъабаз гьаризе кколел хIалтIабазул, гьелгун тIоритIизе кколел тадбиразул.

«Динияб лъай босизе яги чорхое сахлъи тIалаб гьаби мурадалда варанидул рахь гьекъезе унел ругин абун, гIантал багьанаби ратун, къватIире унезда хIакъаб рагIи абизе ккола.

Росабазул администрациязул бутIрузда лъикI лъала жидер росабалъ бугеб ахIвал-хIал. Хасго лъикI лъала гьезда профучеталда ругел росдал гIолохъабазул хьвада-чIвади, амма гьел битIараб нухде рачиналъе гьезда сверухъ гьабулеб кинабгIаги хIалтIиги бихьуларо. Жакъа росабазул администрациязул бутIруз гьезие гьабулеб «лъикIлъи» метер «цидул хьулухъалде» сверизе бегьула ва гьелъ гьел лъикIлъиялде рачинаро»,-ян абуна гьес.

«ТIоцебе нилъедасанго, нилъерго напсалдаса байбихьизе ккола гъазават гьабизе»,-ян байбихьана жиндирго цевевахъин ТIинди росдал мажгиталъул имам ХIусен МуртазагIалихIажиевас.

МухIаммад аварагасул гIумруялдаса росарал мисалаздалъун бичIчIизабуна гьес жигьад щиб кколебали, бусурбабазул цогидал халкъазул диналдехун букIине кколел адаб-хIурмат.

Гьесги тIадчIей гьабуна тIоцебе эбел-инсуда, хадуб мугIалимзабазда бараб букIин лъималазе тарбия кьей.

«Эбел-инсуцаги, мугIалимзабазги жидецаго бихьизабичIони лъималазда сундулъго мисал, щакаб жо буго гьезул лъималги цIалдохъабиги яхI-намус цIунараллъун ва адаб-хьатир бугеллъун рахьи»,-ян абуна имамас кIалъаялъул ахиралда.

Жакъа гIадинал тадбирал, профилактикияб учеталда ругелги цогидалги гIолохъабиги гIахьал гьарун, тIоритIизе ккеялъул бицана районалъул ЖамгIияб палатаялъул председатель МухIамадзагьид Аюбовас.

Семинаралъул ахиралда районалъул бетIерас баркала кьуна гIахьаллъаразе пайдаяб дандчIваялъухъ, гьединго божилъи гьабуна жакъасеб тадбиралъул лъикIал хIасилал ккезе рукIиналда.

* * *

Гьебго къоялъ, семинар байбихьилалда цебе министр Татьяна Гамалей щвана Санкьада бугеб Агъвали-Шаури-Кидеро нухлул Инхокъвари-Санкьада бугеб кIибикьул нухлул 6-7 км. Дагъавтодоралъулаз къабул гьабулеб тадбиралде.

Гьениб гьел росабазул жамагIатазда гьезул иргадулаб гьитIинабго байрамги баркулаго, гьелъ абуна кидаго рукIанин ва камичIин Дагъистаналда жидерго хасаб лъалкI халкъалъе нахъе толел ва тарал устарзабиян.

Гьединаздаса хасаб бакI кколеллъун гьелъ рихьизаруна нухал рахъулел, гьел къачIалел ва гIатIид гьарулел гIадамал, ай нухазул специалистал. Гьезул хIалтIуда ва нухазул даражаялда бараб букIин бихьизабуна министралъ районалда гьарулел ва республикаялъул тIалъиялъ гьаризе хIисабалде росарал хIалтIаби.

Нухал ккола унго-унголъунги нилъер гIумрудул ва социалияб рахъ цебетIеялъул бидурихьал. Мекъи ккеларо нилъер наслабаз ва районалъул ракьалдаса хьвадулез ракI-ракIалъулаб баркала кьезе мустахIикъаб жо гIемераб бугин нухазул махщелчагIаз нахъе тарабилан абуни. ХьварщикIкIалахъе унеб щуго росдал гIадамазе гуребги, гьелъул кIвар буго республикаялъул даражаялдаго. Даруяб лъел иццухъе рачIунел гIадамал камулаърелъул, республикаялъул кIвараьлъул нух бугин гьебин абуниги бегьила.



(Хадусеб - 4 гьумералда).

Лъим - гIумрудул кьучI

# Шаваялде иргадулаб сапар

## ХIалтIуда кверги рекIарал, кьураб рагIиги гьорое биччаларел специалистазул хIалтIи цебехун унеб буго



Араб соналъул декабралда районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас Шаваялда тIобитIана данделъи. Гьеб байбихьилалда цебе ниж щун рукIана районалъул цо-цо магIишатазде.

Районалъул магIишатазда гьоркьосеб предприятие (МХП) биххаралдаса нахъе гьенир ругел лъалъалеб лъималъул каналазул тIалаб гьабулев чиго вукIун ватиларин ккана ракIалде. Гьелдалъун бихьулеб букIана нилъер районалъул магIишатазул нухмалъулезул росдал магIишаталдехун бугеб бербалагьи. Гьеб бихьарав районалъул бетIерас магIишатазул нухмалъулезда бичIчIизабуна ракь хIалтIизабиялде к1вар кьезе ккезе букIин.

Гьелдаса нахъе хисанин абизе бегьула районалъул магIишатазул нухмалъулезул росдал магIишаталдехун бугеб бербалагьи.

Районалъул бетIерас росдал магIишаталъул отделалъе нухмалъи гьабизе тIамуна гIемер соназ Лъондода росдал магIишаталъе ва гьебго росдал администрациялъе нухмалъулев вукIарав ИсхIакъ Идрисов ва гьесие кумекалъе вихьизавуна нилъер районалъул МХПялъул директорлъун хIалтIулев вукIарав МухIамадрасул НурмухIамадов. Гьел к1иялго ккола росдал магIишаталъул рагIа-ракьанлъаби лъикI лъалел, хIалтIуда кверги рекIарал, кьураб рагIиги, тIаде босараб ишги рагIалде бахъинабулел специалистал. Гьел рачIингун цебехун ине байбихьана районалъул магIишатазда хIалтIи.

Араб итни къоялъ нижеца иргадулаб сапар бухьана Шаваялде районалъул магIишатазул ахIвал-хIал лъазе.

МухIамадрасул ва ИсхIакъ нижгун дандчIвана радал сагIат ичIгоялда Бабаюрталда. Гьенибго буго гьезул хIалтIул идараги. Гьенисанго ана ниж Шаваялде.

«КъогогIаги соналъ руго нилъер районалъул магIишатазе лъел рахъалъ гIузраби-квекIенал. Лъим гьечIони, гьаниб магIишатги лъугьунаро, гьеб буго нилъер магIишатазе бищунго къваригIараб. Районалъул бетIерас нижеда цебе лъураб суал буго къокъабго заманалда жаниб лъалъалеб лъел каналал рацIцIун рагIалде рахъинари. Гьелда тIад руго нижги гьабсагIат хIалтIулел»,- ян абуна ИсхIакъ Идрисовас.

«ЭлещайтIан» канал мадугьадихъ ругел районазул магIишатазул ракьазда къогогIаги километралъул манзилалда хIаридул цIун букIиналъ, гIемер хIалтIи гьабизе кколеб букIана гьениб. Гьебги хIисабалде босун, «ЭлещайтIан» ва «Мусататаул» каналазда гьоркьоб перемычка хIисабалда цIияб канал бахъун буго 1300 м. халалъуда ва кватIич1ого гьенибе лъим биччазехъин буго. Гьединал хIалтIаби цереккун гьаризе тIалаб гьабулев, гьелъул ургъел бугев ва гьеб лъалев чи вукIун ватиларо. Гьале гьанже ИсхIакъ Идрисовасгун МухIамадрасул НурмухIамадовас байбихьана гьеб хIалтIи.

ЛъикI гIуцIун буго хIалтIи «Гьаквари» СПКялда. Исана гьез бекьун буго 130 гектар ракьул, гьелдаса-127 гектаралда люцерна ва 3 гектаралда буго бахча. ХIариялдаса бацIцIун рагIалде бахъун буго 2500 метралъул манзилалъ лъалъалеб лъел канал, хутIараб 1200 метр манзилги бацIцIулеб буго. Рекьулел ва хер бецулел бакIазде гIи-боцIи гьукъи мурадалда, бухъун буго 1800 метралъул халалъуда хандакъ.

«Исана бекьичIого хутIараб 55 гектар ракьул бачIулеб соналъ бекьизе буго нижеца, лъел къварилъиги гьанже гьечIелъул»,- ян абуна «Гьаквари» СПКялъул нухмалъулев НурмухIамад Сиражудиновас.

Нилъер районалъул магIишатазда хIариялдаса каналал рацIцIизе ва цIияб бахъизе кумек гьабулеб буго нилъер депутат ГIабдурахIман Камиловас.

Гьакварисезул Ургалаялдаса ниж ана Хуштадерил магIишаталде щвезе Талилъ гъутаде. «Хуштада» СПКялъул буго кинабниги 2830 гектар ракьул. Гьелдаса 530 гектар буго Шаваялда, 1000 гектар-Кочубеялъул ракьалда, хутIараб 1300 гектар-Талилъ гъутада.

Исана 83 гектаралда бекьун буго пиринчI, жеги 300 гектар хIадур гьабун буго пиринчI бекьизе, 50 гектаралда хьан буго люцерна, 45 гектаралда -бахча. Росдал гIадамал разияб хIалалда хIалтIи гьабизе ракIал-Къурбан МухIамадгIалиевас. ЛъикIаб бербалагьи буго нилъер магIишатаздехун ДРялъул «Минмелиоводхоз» ФГБУялъул Притеречный филиала-





**Сураталда:** «Гьаквари» СПКялда бацIцIад гьабулеб буго канал

да буго СПКялъул нухмалъулев АхIмад ГIалиевасда. Росулъ буго тIабигIияб газ, исана гIемер хIалтIи гьабун буго росулъе бугеб машинадул нух къачIаялъе.

Шаваялде ва Талилъе шагьранухал къачIаялъул рахъалъ кIудияб кумек гьабун буго Бабаюрт районалъул нухазул участкаялъул нухмалъулев



**Сураталда:** Шаваялда бахъараб цIияб канал

лъул нухмалъулев Александр Гислерилги. Баркала гьезие нилъедехун бугеб лъик1аб бербалагьиялъухъ.

«Районалъул бетIерасда ва гьединго нижеда цебечIараб суаллъун ккола хIукуматалдехун халкъалъул божилъи букIинаби. Гьеб тIубазе ккани, тIадкъараб хIалтIиги кьураб рагIиги тIубазе ккола нухмалъуда ругез. Шава росдал жамагIаталъе АнвархIажи Вечедовас рагIи кьун букIана лъел рахъалъ магIишатазе кумек гьабизе. Гьеб суал тIубанин, ва районалъул бетIерас рагIи гьорое биччачIин абизе бегьула.

Нухмалъулесул лъикIал хасиятаздаса ккола гьев рагIи кколев ва гьеб тIубалев вукIин»,- ян абуна МухIамадрасул НурмухIамадовас.

ХIалтIизе бокьарав магIишаталъул нухмалъулесе ресал рукIине руго, гIиллаби ралагьичIого, хадубккун хIалтIизе.

Исана апрелалда Шаваялда тIобитIараб росдал магIишаталъул хIалтIухъабазул данделъиялъул аслияб ахIилъун букIана ракьалъул бетIергьанлъун вукIине кколин гьеб хIалтIизабулев чи. Ижараялъухъ щвараб гIарацги хIалтIизабун гурони, гьел ракьаздаса пайда босулеб гьечIо районалъул магIишатаз. Заман щун буго гьединал хIужабазул хIисабги гьабун, ракьал хIалтIизарулел гIадамазухъе кьолеб къагIида гIуцIизе.

**ГI. Малачдибиров**



**Сураталда:** «Хуштада» СПКялъул пиринчIалъул хурзал





**Сураталда:** Бабаюрт-Шава шагьранух

# БАРКИЯЛ




**Хирияв диналъул вацал ва яцал!**

Баркула нужеда тIаде щвараб хирияв моцIазул бищун тIадегIанаб Рамазан моцI.

БетIергьанас гьеб моцI нилъее киназего баракатгун бачIараб, нилъер гьабураб лъикIаб гIамал къабуллъулеблъун ва мунагьал чурулеблъун батаги.

* * *

**Баркула районцоязда пачалихъияб байрам - Россиялъул къо.**




Гьеб къоялъ рагьана Россиялъул тарихалъул цIияб гьумер ва нилъер улка лъугьана эркенлъиялъул ва демократиялъул къучIалда жамг1ият гIуцIиялъул нухде. Гьеб байрамалъ бихьизабула нилъер улкаялъул цолъи ва гьайбатаб букIинеселде нилъер божилъи. Гьеб ккола эркенлъиялъул, ракълил ва разилъиялъул байрам.

Гьарула киназего щулияб сахлъи, рохел, ракълилаб, гвангъараб ва талихIаб гIумру.

* * *

**ХIурматиял социалиял хъулухъазул хIалтIухъаби!**

Баркула нужеда нужер махщалилаб байрам.

Нуж ккола недегьаб каламалъгун ракIунтараб бербалагьиялъ гIумрудул къадар-къисматалъ нужер цIобалде ккаразе кумек-хъулухъ гьабулел хIалтIухъаби.

Щибаб къойил нужехъе рач1унезул хъулухъ тIубалел ва кумек хIажатазе хIалае рахъунел нужее кьеги Аллагьас сабру.

Гьарула нужее сахлъи, рохел, хъизан-рукъалъулаб талихI.

**Районалъул бетIер А.Вечедов**
**Районалъул Собраниялъул председатель У. Сайпудинов**

## Баркула хирияб Рамазан моцI

**Хирияв диналъул вацал ва яцал!**

Баркула нужеда тIаде щвараб баракатал рахIматал жинда жанир гьарзаяб, Аварагас (с.т.гI.в.) умматалъул моцIилан жинда цIар тараб, бусурбабазул бищунго хирияб моцI Шагьру-Рамазан.



Тавпикъ кьеги киназего гьеб моцI Аллагь разилъуледухъ тIобитIизе, кIалал кквезе, какал разе, Къуръан цIализе, цоцазда гьоркьоб гьуинлъи-вацлъи щула гьабизе, садакъа кьезе ва цогидалги лъикIал гIамалал гьаризе.

ТIадегIанав Аллагьас гьеб моцI гьабеги кинабго МухIаммадил умматалъул мунагьал чуриялъе, балагьал нахъчIваялъе сабаблъун.

Нилъее киназего тавпикъги, къуватги, сахлъиги, сабруги кьеги гьаб хирияб моцI Аллагь разияб куцалъ тIобитIизе. Амин.

**С-ХI.ПирмухIамадов,** районалъул имамзабазул Советалъул председатель

# Терроралъул кьогIлъи кидаго кIочон теларо

ТарихчагIаз бихьизабулеб буго терроралъул гIаламатал ракканин кIиазарго соналъ цере.

Терроризм тIоцебе баккун буго Франциялда 18 гIасруялда «якобинцал» абун жидеда цIар лъурал къукъаялда гьоркьоб. Доб заманаялъ гьелъул абиял рукIана халкъалъе пайда щвей мурадалъе гIоло тIалаб-агьазалъул. Хадубккун Франциялда ккараб революциялъул хIасилалда терроризм буссана такъсирчилъиялде. Доб заманаялъ гьелъул хIинкъи букIун гьечIо пачалихъе.

Жакъа терроризмалъул хIинкъи цо пачалихъалъе гуреб, тIолабго дунялалъего буго. Террор ккола инсанас инсанасе вахIшияб зулму гьабун, гIадамал хIинкъизари.

Террористал-гьел ккола жидер хьвада-чIвадиялъуль бищун цIикIкIараб вахIшилъи бугел, гIадамал хIинкъизариялъе бокьараб тайпаялъул къагIидаби хIалтIизарулел, жидеца асирлъуде гIадамал росулел, цIикIкIун халкъ бакIараб бакIалда жидеца бокьараб тайпаялъул ярагъ хIалтIизабулел (чIвай-хъвей, цIа гьей, кьвагьизари, асирлъуде гIадамал роси) гIадамал.

Экстремистаз пропаганда гьабула нахъегIанал лозунгаздалъун пачалихъалда жаниб гIадлунизам хвезабиялъе гIадамал ахIуд рахьинаризе, законазул тадбиразда дандечIей гьабиялъе, партизаназул рагьул къагIидаби ва терроралъул пишаби хIалтIизариялъе.

Жидерго вахIшиял пишаби гIумруялде рахьинари мурадалда экстремистаз аслияб кIвар буссинабула пачалихъияб гIуцIи хвезабизе гIадамал ахIиялде.

Сепаратизм ккола бакътIерхьул пачалихъазул эмиссараз цо пуланаб пачалихъалда жаниб терроризмалъул ва экстремизмалъул масъалаби гIумруялде рахьинариялъе гIоло гIарцудалъун ва яргъидалъун кумек гьаби, диверсиялъул специалистал ва гIакълучагIи кумекалъе ритIун.

Жакъасеб терроризм ккола миллатчилъиялъулаб, динияб ва политикаялъулаб.

КIудияб ВатIанияб рагъдаса руссараз абулеб букIана гьанже фашисталги тIагIанин, ракьалда рекьелги букIинин абун, амма гьеб гьедин ккечIо. Исана Россиялъ ва дунялалъул тIолалго пачалихъаз рохалилаб къагIидаялъ кIодо гьабуна КIудияб Бергьенлъиялъ 71 сон тIубай. Жакъаги фашизмалъул кьалбал къватIире раккулел руго, цере рукIарал рагъазул цIаралги хисун, ракьалде раккана жеги вахIшиял терроризм ва экстремизм абурал цIарал.

СССР биххаралдаса нахъе, Россиялда гIемер гьаруна террористаз вахIшиял пишаби. Гьелъул кьогIлъи жакъаги кIочон гьечIо районалдаги, Дагъистаналдаги ва тIолабго Россиялдаги. Лъида ва кида кIочонел Беслан, Буденновск, Волгодонск, Москваялъул «Дубровск» ва «Норд-Ост», Кизляр, Каспийск, Буйнакск ва цогидалги террор гьарурал бакIал.

Гьигьалъан нахъчIварал террористаз хIаракат бахьана Ункъракьалдасан райцентралде рачIине, амма гьениб нилъер гIолохъабаз, жидерго рухI бичун, гьезие нух кьана.

Гьезул масъала букIана Дагъистаналъул гIемермиллатазулаб халкъ цоцада багьизаби ва Дагъистан бикьи, Дагъистаналъул халкъазул цолъи хвезаби.



Терроралъул пашманал хIасилаллъун ккана жидеда гIайиб гьечIого хварал нус-нус лъимал, руччаби, херал ва рагъухъаби.

Экономикиялгун социалиял рахъазулъ чиновниказ жидерго хIалтIулъ риччарал гIунгутIабаздалъун террористазда кIвана цо-цо гIолилал жидерго рахъалде цIазе.

Террористазда лъала гIолилазе хIалтIи къваригIун букIин. ГIумруялда жаниб гIолохъаби дандчIвала гIемерал захIмалъабигун.

Гьезда бихьула халкъалда гьоркьоб тIибитIун бугеб ришватчилъи ва коррупция.

Террористаз хIисабалде босун буго рагъулъ жал бергьинчIеб мехалъ, гIолилазда гьоркьоб экстремизмалъулаб идеология бильълъанхъинабун, бергьенлъабазде рахине.

ГIолохъабаз жидерго цебетIечIолъи рикIкIунеб буго хIукуматалъул гIайиблъун ва байбихьула гьечIел гIайибалги гьезде гIунтIизарун, мекъаб нухдасан ине.

1999 соналъ жакъасел гIолилазул гIумрудул букIун батани 9-10 сон, жакъа гьесул гIумру бахун буго 25-26 сониде. Гьезда лъалеб гьечIо доб заманаялъул тарих ва гьез жакъа хIалбихьулеб буго жидеда ракIалде ккараб иш цебеккараб хIалалъ, ай такъсиралдалъунги тIубазе.

Гьал церехун рехсарал ва цогидалги рахьалги кьочIое росун, террористазегун экстремистазе бокьун букIана Дагъистаналда гуребги, Кавказалдаго жигьадги лъазабун, Россиялдаса батIаги гьабун, Исламияб пачалихъ гIуцIизе. Гьеб гьедин букIараблъи лъазе ккола щивав дагъистаниясда.

1990-лел соназ Россия букIинчIо къуватаб пачалихъ ва гьелда цебе чIараб масъалалъун букIана жиндирго регионал ратIалъизе риччангутIи.

Жакъа Россия буго гучаб, бокьарав тушманасда данде багьизе жиндир ресалги, сурсаталги, къуватги бугеб пачалихъ.

Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъ ва гьункиялъ, ВатIаналде т1аде ккараб хIинкъи буголъиялъул суал жидеда бичIчIиялъ, хадубкун Дагъистан букIинищ букIинарищ Россиялъул пачалихъалъул бутIалъун абураб пикруялъ террористазде данде гьабураб рагьулъ нилъ бергьана. Тушмангун багьана тIолго Дагъистан, нилъгун цадахъ букIана гучаб Россия.

Гьеб рагьул ва хадур ккарал тунка-хIусиялъул хIасилазда кIудияб ками ккана дагъистаналъе ва нилъер районалъе.

Умумузул аби буго: «Нужее лъазе бокьун батани араб заман, нуж балагье херазул бадире, нужее лъазе бокьун батани букIинесеб, нуж балагье гIолилазул берадза, нужее бокьун батани жакъасеб бихьизе, нуж балагье руччабазул беразухъ»-абун.

Жакъа нилъеда рихьулел руго эмен, вас, рос, вац камурал руччабазул магIил берал. Нилъер ракIазулъ даим хутIила терроралъул къурбаналлъун ккарал нилъер гIолохъаби.

Дагъистаналъул халкъалъ гIасрабаз гIумру гьабуна ракълида, вацлъиялда, гьудул-гьалмагълъиялда.

Халкъазул цолъи, вацлъи, гьудуллъи ва гьоболлъи нилъехъе кьуна нилъер умумуз ва нилъедаги т1адаб буго гьеб гIун бачIунеб гIелалъухъе кьезе. Миллатал г1емераб Дагъистаналда цониги такъсир ккечIо миллатчилъиялъул рахьалъ. Нилъее бергьенлъи щвелароан халкъазул цолъи букIинчIебани.

Рагъ ЦIумада, Болъихъ, ЦIияблакалда букIинчIо, гьеб букIана Дагъистаналда ва Россиялдаго. Гьеб рагьде рахьана хералгун гIолохъаби ва руччабиги. Гьез бихьизабуна ВатIаналде бугеб рокьи ва къохIехьей.

Террористазде данде рахьана Дагъистаналъул рухIаниялги, бетIерлъуда рагъулаб форма ретIарав республикаялъул муфтий АхIмадхIажи ГIабдулаевгун.

Гьединаб лъугьа-бахьин ккечIо цониги республикаялда гуреб, хIатта пачалихъалдацин.

Гьеб гурищ патриотизмалъул мисал бугеб гIун бачIунеб гIелалъе?! Терроралъ Дагъистаналда чIвана кIинусиял къоло анлъго аскарияв, кIикъоялда анцIила лъабго полициялъул хIалтIухьан, къоло щуго ополченец, нусиялда микьго чи ракьлилал гIадамазул.

Рагъда бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ микьгояв мустахIикълъана Россиялъул БахIарчиясул цIаралъе ва меседил медалалъе, нусиялда анлъгояв-«БихьинчилъиялъеГIоло» орденалъе, кIикъоялда кIиго чиясе кьуна «ВатIаналъе гьабураб хъулухъалъухъ» тIоцебесеб даражаялъул орден ва анцIила анлъго чиясе щвана «ХIинкъи-къай гьечIолъиялъе ГIоло» медаль, нус-нус чи мустахIикълъана республикаялъул нухмалъиялъул батIи-батIиял шапакъатазе.

**МухIамад Шамсудинов,** рагъул ва захIматалъул ветеранзул районалъул Советалъул председатель

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор МАЛАЧДИБИРОВ ГIУБАЙДУЛА САГIАДУЛАЕВИЧ

Жавабияй секретарь Х.ЗАЛИМХАНОВА

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302 Тираж -1780 Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гъулбасизе кколаан 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гъулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электронниияб адрес: Golostsumady@mail.ru

## Балугълъиялде рахинчIезул жавабчилъи

Саназде рахинчIездаги лъазе ккола къанунazда цебе жидерго жавабчилъи. Балугълъиялде рахинегIан лъималазда жеги щвалде щун бичIчIуларо



законалда цебе жидер бугеб жавабчилъи. АнцIила ункъо сониде рахинегIан РФялъул къанунazда рекъон, гьел ккола гIисинлъималлъун ва гьез гьарурал такъсиразул жавабчилъи тIаде ккола эбел-инсуда. Умумузгун улбуз лъикIаб тарбия кьун лъималазда лъикIабгун квешаб батIа бахъизе малъани, гьезул парахатаб гIумру букIине буго. АнцIила ункъо сон барал тамихIалде цIала чи чIвани, цIогь ва инсанасул чорхое захIматаб зарал гьабуни, гIадан-инсан викъани, теракталъул хIакъалъулъ гьерсилал баянал кьуни ва гьел цогидалги пишабаз.

Такъсир гьабурал балугълъичIел лъималазул гIакIа бахъула 1000-са 50 000 гъурущиде щвезегIан кIиго анкьидаса байбихьун анлъго моцIалъул болжалалда жаниб. Судалъул хIукмуялда рекъон гьеб бахъула такъсирчиясул эбел-инсухъа яги законияв опекуназухъа.

БалугълъичIел лъимал гьабулеб хIалтIудаса эркенги гьарула, гьез чидар магIишат бикъани. Гьединго тIамула чIорого хIалтIизе. Гьединаб тамихI къотIула ярагъ кодобккун гьабураб хулиганлъиялъухъ. ЛъикIаб рахъалде инсан хисиялъул хIалтIабазде ритIула цо лъагIелалъе. Къанунazда рекъон законияб гуреб къагIидаялъ машина бахъани, жанир тIамизе рес буго 16 сон барал лъимал. ГIолилазда гьоркьоб дагIбарагъ ккун инсанасул чорхое гьабураб зараралъухъ 2 моцIидаса лъагIалиде щвезегIан заманалъ жанир тIамизе рес буго саназде рахинчIел лъимал. Бищун захIматаб тамихI къотIула чи чIваразе, ургъунго инсанасул сахлъиялъе бакIаб зарал гьабуразе, зулму-хIал гьабуразе ва инсан викъаразе. Гьел эркенлъиялдаса махIрумги гьарун, гIаммаб ялъуни къвараб тарбия къеялъулаб колониялде ритIула. Гьединаб тамихIалъул болжал 10 соналдаса цIикIкIун къезе бегьуларо.

Уголовнияб гуребги, административиябги жавабчилъиялде ц1ала саназде рахинчIел лъимал гIиси-бикъинаб хулиганлъиялъухъ, пиво ва алкоголь жаниб бугел жал гьекъеялъухъ, ялъуни наркотикал хIалтIизариялъухъ. Чангиязда бичIчIуларо щиб жо кколеб хулиганлъи, ва байбихьула полициялъул хIалтIухъабазе жидеда гIайиб гьечIилан далилал рачине. Мисалалъе, футболалъул матчги лъугIун, стадионалдаса къватIиве вачIунаго, чорокаб каламгун гIадамазда тункарулаго ани, гьеле гьеб ккола хулиганлъи. ГIадамазул ва жамгIияталъул рахIат хвезаби ккола гIисинаб хулиганлъи. Гьединаб такъсиралъухъ гIакIа, ялъуни 15 сордо-къоялъ туснахъ къотIула. Лъималазда лъазе ккола анцIила ункъо сон баралдаса нахъе жидеца гьарурал такъсириял ишазул жавабчилъи жидеда тIаде кколеблъи.

**П.ХIажимухIамадова,** полициялъул майор

## Лагералде ине бокьаразе



Дагъистаналъул захIматалъул ва социалияб цебетIеялъул Министерствоялъ лъималазул риидалил хIухьбахъиялъе нильер районалъеги рихьизарун руго чIорогоял путевкаби. Гьелда бан, районалъул халкъ социалияб рахъалъ цIуниялъул Управлениялъ, халкъалъе социалияб хъулухъ гьабиялъул ва халкъ хIалтIудалъул бахъизабиялъул Центраз гIуцIун буго лъимал риидалил хIухьбахъиялде ритIиялъул кампания.

ТIадеги баянал щвезе рачIине бегьула районалъул халкъ социалияб рахъалъ цIуниялъул Управлениялде, анлъабилеб кабинеталде.

**М. Измаилова,** УСЗНалъул специалист

## Лъазабиял

Агъвали базар цIигьабиялда ва гIатIилъизабиялда бан, гьенир контейнерал лъезе ва гьитIиналго тукаби разе бокьарал рачIине бегьула гIарзабигун районалъул администрациялде.

Хуштада бугеб «МугIрузул тIогьал» лагералда хIалтIизе хIажат руго богогьаби, тарбиячагIи ва цогидалги махщалилал.

Баянал щвезе ахIизе бегьула 89883021234 номералде ХIажимурадихъе.

Районалъул нухазул участкаялъе хIажат руго трактористалмеханизаторал. Мухь-гьабураб хIалтIухъ балагъун ва сагIтал рикIкIун.

Баянал щвезе ахIизе бегьула 89640140415 номералде ГIумаров Шамилихъе.

2005 соналъул 25 июналда ТIадгьаквари росдал школалъ МухIамадов Ражаб ТIалхIатовичасул цIаралда къураб Б3660027 аттестат билун буго. Гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна

# Республикаялъул вакилзаби районалде щвана

(Авал - 1 гьумералда).

Гьеб нух гIатIид ва цIигьабун къачIаялъул иш кодосев «Дорстройсервис» ОООялъул генералияв директор АхIмад Давудовасул раг1абазда рекъон, цIараб болжалалдаса цебеккун къун буго нух.

Гьес баркала загьир гьабуна нухлул гьеб участокалъул нухмалъулев МухIамад ГIалиевасегун тIолго коллективалъе жигараб ва ракIбацIцIадаб хIалтIухъ.

Дагъавтодоралъул нухмалъулесул заместитель ХIабибуллагь МухIамадовас лъикIаб къимат къуна АхIмад Давудовас нухмалъи гьабулеб идараялъе ракIбацIцIадаб хIалтIухъ. Гьеб тадбиралда гIахьаллъана Дагъавтодоралъул нухал къачIаялъулгун цIигьарияслъул отделалъул нухмалъулев ХIажимурад ХIайдарбегов, нухазул рахъалъ нильер районалъул куратор МухIамад ГьитIихIмадибиров, районалъул бетIер АнвархIажи Вечедов, районалъул нухазул идараялъул нухмалъулесул заместитель Шамил ГIумаров ва цогидалги.

**Хадижат Залимханова**

СПОРТ

## Футбол хIана

Дагъаб цебегIан МахIачхъалаялда «ЦIумадисезул гIолилазул цолъи» абураб гIуцIиялъ тIобитIана футбол хIаялъул рахъалъ нильер районалъул чемпионат.

Чемпионаталда гIахьаллъана 44 команда. КIиго къоялъ халатрахъарал къецазда тIоцебесеб бакI щвана «Лъондода» командаялъе, кIиабилеб бакIалде ккана «Гъоркьгьаквари» команда ва лъабабилеб бакIалда гIей гьабуна Кироваул росдал командаялъ.

Бергьаразе къуна кубок, рекъонкколел даражабазул дипломал, медалал ва гIарцулал сайгъатал: тIоцебесеб бакI ккуразе-50 000 гъурущ, кIиабилеб ва лъабабилеб бакI щваразе-30 000 ва 20 000 гъурущ.

Гьединго чемпионаталда чIезарун рукIана «ЛъикIав гъужумалъулав», «ЛъикIав хIалев» ва «ЛъикIав каваби цIунулев» номинациязда кубокал ва грамотаби. Гьезие мустахIикълъана Гьадириса РапигIулаев ГIабдула, Гъоркьгьаквариса Мансуров Сахратулагь ва Лъондодаса Шейхов МухIамаддибир.

**М. Къасумов**

## Баркула гьавураб къо



ГIусман СалихIовас кIодо гьабуна иргадулаб жиндирго байрам.

Гьарула гьесие кидаго хIалтIуде тIоцеве щвей, щиб ва киб жагъаллъи ккун бугебали хал гьабун, гьеб рукIкIалиде ккезабизе щулияб сахлъи.

Кверал меседилав ГIусман гьечIони, свараб чирахъгIанги, къалъуларо къо райцентралда бугеб пачалихъияб щибаб идараялда. ДагъалицIха рукIунел хIужаби ток свиналъул, хIухьлал система хвеялъул, цIер бекиялъул, квартIа кIутIизе кколел ишазул, магI къабизе ккеялъул. Гьеле, гьеб къелъ къабураб магI гIадин къвакIун вукIа, ГIусман, мун кидаго.

**БАРКИГУН ГЬУДУЛ-ГЬАЛМАГЪЗАБИ**

## Объявление

Межрайонная ИФНС России №12 по РД сообщает, что с 01.01.2016 года, в соответствии с п.6 ст.407 Налогового Кодекса Российской Федерации лицо, имеющее право на налоговую льготу по налогу на имущество физических лиц, представляет заявление о предоставлении льготы и документы, подтверждающие право налогоплательщика на налоговую льготу.

Районалъул Собраниялъул депутатаз ва районалъул администрациялъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго Шава росдал администрациялъул бетIер ГьазимухIамадида гьесул вац

**ХIажимухIамад**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги.